

TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 29

KUKOKWA KUNENYASHA

Iwe unofungei pamusoro paMwari? Vamwe vanhu vanoti hakuna Mwari vanofanira kutipa humboo hunoratidza kuti hakuna Mwari nekuti isu tine humboo hwakatikomberedza kwese kwese hunoratidza kuti kuna Mwari. Vamwe wo ndivo vanoti hakuna munhu anogona kuziva Mwari. Isu tinongobvunza kuti vanhu ava vanombonyatsorevei chaizvo. Isu tinogamuchira kuti Mwari ndivo mukuru mukuru wemaSimba ose ariwo musiki wazvose. Saka hazvigoneki kuti chisikwa chibva chazivurura Musiki zvakazara. Asiwo vamwe vanoti “Mwari ndinomuziva. Aripo kutopfuura kuvapo kwemuvakidzani wangu.”

Ini ndinoda kubvunza mubvunzo. Kunzwisisa kwedu Mwari ingori nyaya yemupfungwa medu chete here? Inyaya yemafungiro angu chete here? Rega ndizvipindure mubvunzo wangu ndega. Mhinduro ndeyekuti kwete. Hazvisirizvo. Tine chimwe chokwadi chatinofanira kubvuma chinoita kuti tizive kuti kuna Mwari. Chinhu **chekutanga** ndiro Bhaibheri Dzvene. Mu Bhaibheri ndimo munobva ruzivo rwatiinarwo rwaMwari nekuziva kwese kwatinoita Mwari. Mwari vanozivikanwa kuburikidza nehukama hwavo nevanhu zvatinoona munhoroondo. Iyi ndiyo mharidzo iri muna Genesi 7:1-10. Tinodzidza hukama hwaMwari nevanhu panguva yakatanga kutongwa pasi rino rese naMwari.

¹Ipapo Jehovha akati kuna Noa, “Pindai muareka iwe nemhuri yako yose nokuti ndakuona iwe kuti wakarurama murudzi urwu. ²Uture mhando dzemhuka dzose

dzakanaka nomwe nomwe, mukono nehadzi yayo uye mbiri mbiri pamhando dzose dzemhuka dzisina kunaka, mukono nehadzi yayo, ³uyewo nomwe nomwe pamhando dzose dzeshiri, mukono nehadzi, kuti uraramise marudzi azvo akasiyana-siyana munyika yose. ⁴Mazuva manomwe kubva zvino ndichanayisa mvura panyika kwamazuva makumi mana nousiku makumi mana, uye ndichabvisa pamusoro penyika zvisikwa zvipenyu zvole zvandakaita.” ⁵Uye Noa akaita zvole zvaakarayirwa naJehovha. ⁶Noa akanga ava namakore mazana matanhatu okuberekwa panguva yakanaya mvura yamafashamu panyika. ⁷Uye Noa navanakomana vake nomukadzi wake navakadzi vavanakomana vake vakapinda muareka kuti vapunyuke pamvura yamafashamu. ⁸Zviviri zviviri zvemhuka dzakanaka nedzisina kunaka, zviviri zviviri zveshiri nezvezvisikwa zvole zvinokambaira panyika, ⁹mukono nehadzi, zvakauya kuna Noa ndokupinda muareka, sezvakanga zvarayirwa naMwari kuna Noa. ¹⁰Uye shure kwamazuva manomwe mvura yamafashamu yakasvika panyika.

Zvino mundima idzi ndinoona ZVINHU **zviviri** zvekukoka kwaMwari kune nyasha kunoita kuti isu tizive Mwari.

Chinhu **chekutanga** ndechekuti kukoka uku kwaive kumunhu pachezvake. Kukoka uku kwaive kuna Noa nemhuri yake. “Pindai muareka iwe nemhuri yako yese.” Hama mudikani munhu anonzi Baba anokosha muhupenyu hwemhuri. Vamwe vana baba havakoshesi basa ravo sevatumamiri vekunamata mumhuri mavo. Asi Mwari vakaona kuti Noa akange akarurama. Mwari vakati, “*nokuti ndakuona iwe kuti wakarurama murudzi urwu.*” Mwari vakaona kuti Noa aive akarurama. Saka Mwari vakaona nekushandisa munhu aivashandira muchokwadi. Saka kukoka kwanga

kwakananga kuna Noa pachezvake nemhuri yake yese. Bhaibheri rinoti “nemhuri yako yese”.

Kukokwa uku kwanga kwakanangawo kuzvisikwa zvese. Ngatirangarirei kuti munhu ndiye chisikwa chaMwari chepamusoro soro. Sezvo munhu ari chisikwa chaMwari chepamusoro soro. Munhu aitarisirwa kuti ape zvekudya nekuchengeta zvimwe zvisikwa zvese. Munhu akaita izvi kuburikidza nekuvaka areka. Chikepe chikuru ichi ndicho chaizova imba yemhuka dzese nemhuri yaNoa panguva yamafashamo emvura.

Mhuka idzi dzanga dziri mhando mbiri dzakasiyana. Noa akaudzwa kuti aunze mhuka dzakachena dziri 7 neshiri dziri 7. Kumberi uko muBhaibheri tinodzidza kuti mhuka dzakachena dzaive zvipfuwo. Mhuka idzi dzakaiswa muzvikwata 10. Izvi zvakaunzwa zviri zvikwata zvine mhuka mbiri mbiri zvitatu tichizowedzera chikwata chine mhuka imwe chete. Zvichida mhuka imwe chete iyi yakaunzwa nechinangwa chekuti izova mhuka yechibayiro. Dzimwe dzese dzanga dziri mbiri mbiri, hono nehadzi.

Ndinofadzwa nekukoka kwenyasha kwakaitwa naMwari kuchiuya kuna Noa pachezvake nemhuri yakue. Kukokwa uku kwakauryawo kune zvisikwa zvese. Kwakange kuine mhuka dzakachena nemhuka dzisina kuchena. Kwaive nezvipuka zvinokambaira neshiri dzinobhururuka. Mwari vakasanganisira zvisikwa zvese pavakaita hurongwa hwavo. Mwari vakaita kukoka kwavo kwenyasha kuna Noa nemhuri yake.

Chinhu **chechipiri** ndechekuti kukoka uku kwakange kuine chinangwa. Mwari pavakakoka vakati, *“kuti uraramise marudzi azvo akasiyana siyana munyika yose.”* Tsitsi dzaMwari dzinoonekwa kunyange mukururamisira. Ndinoda kukuyeuchidza kuti mafashamo emvura iyi akauya nekuti ndangariro dzevanhu dzaingofunga zvakaipa nguva dzese. Saka Mwari vakati vachaita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Zvino Mwari mukuita zvavaifanira kuita. Zvisinei hazvo Mwari vakachengeta mbeu panyika. Tsitsi dzaMwari dzinoonekwa kunyange mukururamisira. Rudo rwaMwari rwunoratidzwa mutsitsi dzavo. Saka nekuti Noa akateerera Mwari iye nemhuri yake vakachengetedzwa. Mwari havana kungochengetedza Noa nemhuri yake asi Mwari vakachengeta mbeu yemhuka dzese.

Zvinoratidzawo chinangwa nekuti Mwari vakaronga kuparadza zvakaipa kuburikidza nekuparadza nyika yese. Huipi hwakakura kudai hwaida kuti paitwe zvinhu zvikuru kuti huipi uhu hugadziriswe. Zvakangoitwa nemutongo wakapihwa naMwari. Mwari vakangoti vanofanira kuita chimwe chinhu. Mwari vakati, *“ndichabvisa pamusoro penyika zvisikwa zvipenyu zvose zvandakaita.”* Nechikonzero chekuti Noa akateerera Mwari zvisikwa zvaMwari zvakanaka zvakaponeswa. Mwari vakachengetedza. Mwari vakasiya mbeu yezvisikwa iripo kuitira kuti zvizoberekana nekuzara panyika zvakare.

Hama yangu zvinoita kwandiri sekuti munhu azadza nyika nekurwisana zvakare. Huipi huri kuonekwa kwese kwese. Ini ndine chokwadi kuti Mwari akarurama haasi kuzotarisa kurutivi achiona vanhu vachibva pahutsvene muhupenyu nekusingaperi peri. Iye zvino hama yangu ndinoda kuti unzwe kukoka kwaMwari kune nyasha.

Mwari vanokukoka iye zvino kuti uuye kukuchengetedzwa. Mwari vanoda kuti unzwe yambiro yavo ugovateerera. Tinowana kukokwa uku kubva kuna Muprofitisa Isaya. “*Chiuyai zvino titaurirane*” ndizvo zvinotaura Jehova. “*Kunyange zvivi zvenyu zviri zvitsvuku zvichacheneswa sechando; kunyange zviri zvishava somuti mushava, zvichaita samakushe amakwai.*”

Saka huya iye zvino kuna Mwari wechokwadi anogona kukuponesa.

Tinotenda Mufundisi Chidimuro nechidzidzo chanhasi kubva mu chitsauko 7 chebhuku raGenesi tichiona kukoka kwaMwari kune nyasha. Taona Noa achikokwa naMwari – kwete iye bedzi asiwo nemhuri yake yose. Asi chatinoziva ndechekuti mhuri yaNoa yakawana kukoka uku nokuda kwekururama kwaNoa. Tinoona Noa achipfuurira mberi nekururama kwake paanoteerera zvese zvaakanga arairwa naMwari kuti aite pakuvaka areka yaaizopinda iye pamwe chete nemhuka dzose dzakarairwa naMwari. Newewo hama yangu uri kukokwa naMwari kuti uuye kwavari ugowana kuchengetedzwa mavari.